



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO RÈGLEMAN POU EDE ETIDYAN NEW YORK
YO KONPRANN PI BYEN MONTAN KOLÈJ YO AK ASISTANS FINANSYE KI
DISPONIB YO**

***Règleman an Reyalize Inisyativ Eta a Eta 2016 Gouvènè an K'ap Kreye Nouvo
Fich Enfòmasyon sou Prim Asistans Finansye yo***

Klike [La](#) pou Wè Règleman an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) eta a te adopte yon nouvo règleman ki ekzije tout enstitisyon edikasyon pwofesyonèl ak vokasyonèl yo ki nan New York, pou yo kòmanse bay imedyatman yon [Fich Enfòmasyon sou Prim Asistans Finansye \(Financial Aid Award Information Sheet\)](#) inifòm bay etidyan lisans yo lè y'ap reponn aplikasyon asistans finansye yo. Règleman an reyalize yon priyorite ke Gouvènè Cuomo te prezante nan Diskou Eta a Eta 2016 li an pou ede etidyan ak fanmi yo konprann pi byen epi konpare seri asistans finansye yo pou diferan lekòl New York yo. Prè etidyan yo se kounye a dezyèm pi gwo konsomatè obligasyon finansye apre ipotèk yo, ak anviwon \$1.3 bilyon nan dèt aktyèl.

“Lè w'ap decide nan ki kolèj pou ale ak ki kantite dèt ki pou ou fè lè w'ap swiv yon edikasyon pwofesyonèl, sa se yon desizyon majè pou lavi, epi etidyan yo merite gen tout fè yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aksyon sa pral ede asire ke etidyan New York yo ansanm ak fanmi yo gen tout enfòmasyon ke yo bezwen nan yon fòma senp, ki fasil pou konprann, ki pral ede yo pran pi bon desizyon pou avni yo.”

Lekòl yo te kòmanse ofri vèsyon fich enfòmasyon pou etidyan ki ap aplike pou asistans finansye pou ane eskolè 2016-2017 lan anba règleman ijans tanporè yo, men lekòl yo pral opere kounye a anba règ pèmanan ki adopte a. Financial Aid Award Information Sheet lan bay yon rezime de konbyen yon lekòl pral koute, detay sou opsyon asistans finansye yo, epi founi enfòmasyon enpòtan sou pousantaj gradyasyon yon lekòl, tarif prè mwayen yo, ak tarif nòmal prè yo.

Depatman Edikasyon Etazini (U.S. Department of Education) itilize yon fòmilè similè, sepandan li mwens ekstansif epi li pa obligatwa, eksepte pou lekòl yo ki aksepte asistans pou fè prè bay etidyan militè yo.

Maria T. Vullo, ki se Sipèntendant Sèvis Finansye, te deklare, “DFS, atravè Inite Pwoteksyon Etidyan (Student Protection Unit) li an, ap travay di chak jou pou kapab sèvi kòm yon gadyen finansye agresif pou etidyan yo ansanm ak fanmi yo, epi bay

Nouyòkè yo enfòmasyon vital pou kapab fè chwa finansye ki entèlijan. Financial Aid Award Information Sheet lan se pral yon zouti pwisan pou etidyan ak fanmi yo lè y’ap chwazi yon lekòl epi evalye tout depans ki asosye yo.”

Lekòl yo kapab jwenn enfòmasyon sou règleman yo ak modèl fòmilè yo [isit la](#).

Etidyan ak fanmi yo kapab jwenn konsèy adisyonèl, avi ak lòt enfòmasyon pou ede fè chwa entèlijan alontèm lè y’ap finance edikasyon yo sou [sitwèb](#) Inite Pwoteksyon Etidyan nan Department of Financial Services lan. Nouyòkè yo ki gen kesyon sou asistans finansye yo oswa ki swete depoze yon plent, yo kapab kontakte Inite Pwoteksyon Etidyan DFS lan nan (800) 342-3736 oswa vizite [sitwèb](#) Inite Pwoteksyon Etidyan DFS lan.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418